


Manje lakay



Nivo 5

Kreyòl

Manje lakay

Kreyòl
Ayiti

Copyright © 2018, NABU.ORG, Marie Fleurette Lafleur



<http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/>


You are free to make commercial use of this work. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.

Mwen rele Adriyen, mwen gen dizan.

Mwen se yon Ayisyen natif natal.

Mwen ap viv nan lavil Jeremi.

Mwen renmen manje manje lakay mwen anpil.





Lè manman mwen ap fè yon bon pwason, mwen kontan.

Mwen santi mwen byen lè mwen ap manje pwason.

Manman mwen toujou di mwen fè atansyon pou zo a pa pike mwen.

Yon bon ti diri peyi ak poul peyi, sa fè mwen
plezi anpil.

Yon bon pitimi avèk sòs pwa kongo, se sa nèt!
Lè mwen manje manje nan peyi mwen, mwen
toujou an sante.





Pandan moman vakans lan, mwen pral kay
matant mwen Jinèt.

Mwen gen tan voye di li sa mwen renmen.

Li ap prepare pou mwen, pandan tan sa a
mwen ap konte jou.

Manman mwen ap prepare yon bon tonmtonm
pou mwen.





Mwen santi mwen byen pou mwen manje
tonmtonm nan ak kalalou.

Manman mwen toujou kontan pou li fè manje sa
a.

Li konnen lam veritab gen anpil pwoteyin.

.



Jou vakans lan rive pou mwen ale kay matant mwen.


Manman mwen fè valiz mwen pou li mennen mwen ale.

Nou ale nan estasyon epi nou pran yon bis ki prale Mafran.

Se yon bèl zòn nan lavil Jeremi.

Lè nou rive, tout moun kontan wè nou.
Aprè yon bon ti tan, manman mwen retounen
lakay li.
Matant mwen di: pitit mwen, mwen te anvi wè
ou anpil.
Li montre mwen chanm mwen ki byen ranje.





Matant mwen te gen tan fè yon bon manje.
Mayi moulèn avèk sòs pwa avèk sòs kribich.
Mwen pale avèk ti kouzin mwen yo.
Matant mwen rele mwen pou mwen vini manje.
Epi mwen di li pa bliye lòt manje mwen an.


Nou manje, nou poze, epi nou kòmanse pale sou sa nou pral fè.

Nou ap fè bèl jwèt marèl, lago kache ak sote kòd.



Nou manje kont mango nou, epi mwen di matant mwen pa bliye fè yon ti tonmtonm.

Manje lakay se yon bagay mwen renmen anpil.




De jou apre, matant mwen fè yon bon tonmtonm.

Mwen manje kont mwen, apre sa mwen anfòm.

Mwen pase yon bon vakans avèk yo.


Lè jou a rive pou mwen retounen lakay mwen, mwen kòmanse ranje zafè mwen.

Mwen kontan pou mwen retounen lakay mwen paske lekòl la pral louvri.



Manman mwen vini chache mwen pou mwen ka al prepare mwen pou lekòl.

Mwen te kontan pou mwen te pase vakans la avèk matant mwen epi kouzin mwen yo.



Mwen te byen kontan pou mwen te manje bon
ti manje li yo.

Mwen ap tounen lakay, pou mwen ale kontinye
manje manje lakay mwen.

Ak manje lakay, mwen ap pi djanm epi mwen
ap viv lontan.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

